# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–05 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

श्रीलंका क राष्ट्रपति अनुरा कुमारा दिसानायके प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के आजु मित्र विभूषण सम्मान से सम्मानित कइलें। हमरे संवाददाता बतउलें कि श्रीलंका में मीडिया के संबोधित करत प्रधानमंत्री मोदी कहलें कि ई उनकरे नाही बलुक एक सौ चालीस करोड़ भारतीयन क सम्मान हौ। प्रदेस मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में येह सम्मान के हर भारतीय बदे गर्व क बात बतउलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु महराजगंज जिला में रोहिन बैराज क लोकार्पण कइलें। उहां ऊं छह सौ चौवन करोड़ रुपिया क छह सौ उन्तीस विकास परियोजना के लोकार्पण अउर सिलान्यास कार्यक्रमो में भी हिस्सा लिहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री केन्द्र आ प्रदेस क कई योजना के लाभार्थियन के चेक आ अउरियों सामान बंटलें सथही आंगनबाड़ी कार्यकत्रियन के नियुक्ति पत्रों सउपलें। सभा के संबोधित करत उहां के कहलीं कि महराजगंज जिला मुख्यमंत्री युवा उद्यमी योजना में पूरा प्रदेस में पहिला नंबर पर हौ।

**मुख्यमंत्री युवा उद्यमी स्कीम के अन्तर्गत उत्तर प्रदेश सरकार ने चौबीस जनवरी से एक स्कीम लागू की थी। इस स्कीम के अन्तर्गत जो भी युवा अपना उद्यम स्थापित करना चाहता है उसको रजिस्ट्रेशन करना था। बैंक से उसको पांच लाख रुपये तक का ब्याजमुक्त ऋण उपलब्ध करवाना था। और पूरे प्रदेश में अभियान प्रारंभ हुआ और उसमें महराजगंज जनपद नंबर एक पर आया है।**

मुख्यमंत्री कहलें कि दुइ हजार पचीस–छब्बीस में महराजगंज में केन्द्रीय विद्यालयो सुरू होखे जा रहल हौ। एहसे पहिले मुख्यमंत्री चइत नवरातन के अष्टमी तिथि पर बलरामपुर जिला के तुलसीपुर में मां पाटेश्वरी सक्तिपीठ में पूजा–पाठ कइलें।

मुख्यमंत्री गोरखपुर में आजु दुपहरिया एगो बइठकी में अधिकारियन के निरदेस दिहलें कि फसिलि के आगि से बचावे बदे युद्धस्तर पर कोसिस कइल जाव। अइसन इंतिजाम होखे कि जुरते फायर ब्रिगेड क टीमि मौका पर पहुंचि सके। मुख्यमंत्री रामनौमी के ले के तइयारियन क समीक्षा कइलें अउर सज्जो मंदिरन में साफ–सफाई अउर प्रमुख मंदिरन में सुरक्षा इंतिजाम चुस्त–दुरूस्त रखले क निरदेस दिहलें। मुख्यमंत्री गोरखपुर जिला के कई गो विकास परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें।

**********

केंद्र सरकार के ओरि से स्वच्छ भारत मिशन नगरीय श्रेणी के तहत देश भर में भइल कार्यक्रमन अउर आयोजनन में प्रयागराज स्वच्छ घाट 2024 श्रेणी क प्रतियोगिता में पहिला जगह पउले हौ। ओहीं स्वच्छता ही सेवा 2024 अभियान क जनभागीदारी श्रेणियों में प्रयागराज दूसरा जगह पवले हौ। नगर विकास आ ऊर्जा मंत्री एके शर्मा काल्हि लखनऊ में प्रयागराज नगर निगम के अधिकारियन के ई सम्मान दिहलें। प्रयागराज महाकुंभ दुइ हजार पचीसो में विस्वभर के स्वच्छता क सनेसा दिहले रहे।

**********

पूरा प्रदेस में आजु मां दुर्गा क आठवां स्वरूप मां महागौरी क पूजा अर्चना कइल जा रहल हौ। बनारस के कासी विश्वनाथ मंदिर के नगीचे माता अन्नपूर्णा मंदिर अउर पंचगगा घाट क्षेत्र में देवी मंगला गौरी मंदिर में पूरा दिन्न भक्त लोग पूजा पाठ कइले। ओहीं कासी विश्वनाथ धाम में राम नौमी के मौका पे आजु से अखंड रामायण पाठों सुरू हो गइल जउने क बिहने समापन होई। अष्टमी पर आजु जौनपुर जिला क सीतला चौकिया धामो में सरधालु लोगि दरसन पूजन कइलें।

**********

श्रीराम जन्मोत्सव के उपलक्ष्य में आजु हेरिटेज वॉक निकारल गइल अउर अजोध्या धाम क प्राचीन आ पौराणिक जगहीन क जनकारी दिहल गइल। पर्यटन विभाग की ओरि से दसरथ महल से निकरल हेरिटेज वॉक अयोध्या धाम के परमुख जगहिन से होकर गुजरल। येह बिच्चे बिहने रामनौमी मनवले क पुरहर तइयारी कइल गइल हौ। आई जी प्रवीण कुमार बतउलें कि बड़हन गाड़ियन के पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे से डाइवर्ट कइल गइल हो साथ ही सुरक्षा क करेड़ इतिजाम कइल गइल हौ।

**डिफरेंट सेक्टर्स और जोन्स को हम लोगों ने इस तरह से विभाजित किया है कि उसका एक व्यापक उसका पर्यवेक्षण होता रहे। साथ साथ में भारी वाहनों को पूर्वांचल एक्सप्रेस वे के माध्यम से समानांतर मार्ग से जाने की व्यस्था रहेगी ताकि श्रद्धालुओं को असुविधा न हो सके।**

**********

भारतीय रिजर्व बैंक जलदिये दस अउर पांच रूपिया क नया नोट चलाई। ई नोट गांधी जी क चित्र–नई सीरिज के होई अउर येह पर गवर्नर संजय मलहोत्रा के दस्तखत होई। येह बारे में बतावल गइल कि पहिले क दस अउर पांच सौ क नोट चलत रही।

**********